

RINGKESAN

**PAMAKEAN MODEL PANGAJARAN DUMASAR KAULINAN URANG
LEMBUR DINA MATERI SISTEM GERAK KANGGO NINGKATKEUN
KAMAMPUH MIKIR KREATIF SISWA**

Ku : Nur Izati Hasan

145040131

Model pangajaran dumasar kaulinan urang lembur dina panalungtikan ieu nyaeta pangajaran anu ngagunakeun kaulinan khas ti Jawa Barat nyaeta kaulinan perepet jengkol. Perepet jengkol nyaeta kaulinan anu aya patali sareng kasimbangan awak, kakuatan suku, jeung kalincahan awak. Kalayan cocok kanggo dijadikeun model pangatikan dina materi sistem gerak jelema. Panalungtikan ieu dilaksanakeun kanggo ningkatkeun kamampuh mikir kreatif siswa sanggeus ngalakukeun pangatikan ngagunakeun model pangajaran dumasar kaulinan khas urang lembur perepet jengkol dina materi sistem gerak jelema. Panalungtikan ieu nyaeta panalungtikan anu ngagunakeun padika *pre-eksperimen* jeung *one group pretest posttest design* anu mana panalungtikan ieu ngagunakeun mung hiji kelas skperimen tanpa aya kelas kontrol. Penelitian ieu dilakukeun di SMAN 22 Bandung di kelas ekperimen (XI IPS 2). Dina panalungtikan ieu digunakeun instrumen kanggo ngukur kamampuh mikir kreatif anu mangrupa soal essay anu dijerona aya indikator kamampuh mikir kreatif. Data hasil tina paningkatan kamampuh mikir kreatif siswa dicandak tina hasil posttest dianalisis ngagunakeun aplikasi SPSS 20. Hasil panalungtikan nembongkeun yen kamampuh awal mikir kreatif siswa (pretest) ngahasilkeun rata-rata 62,5 jeung kamampuh mikir kreatif siswa saenggeus pangajaran aya paningkatan nyaeta ngahasilkeun nilai rata-rata 82,5.

Kecap konci : Model pangajaran dumasar pangulinan khas urang lembur, perepet jengkol, paningkatan kamampuh mikir kreatif.